

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor
Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Diittak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng
agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadia
Tjiamis.
Dlawa wetan:
Blaocran G II No. 33a.
Soerabaja.

Table with 4 columns: LANGGANAN, Redactie, Redakteur, Directie, and Pangaos ADVERTENTIE.

Wartos ti Directie.
Koe margi djoeragan Atmawinata
teu aja di Tasik sareng dji Soetisna-
sendjaja teu atjan damang pisan sa-
heulaanan noe naungel eusina „Sipa-
tahoenan“ bestuur Pasoendan tjabang
Tasikmalaja.

Advertentie Lebaran.
Djoeragan-djoeragan noe ngintoen
artos f 1— sareng kartija, djeneugana-
dina dina dinten lebaran dilebetkeun
kana Sip. Tjontona:
Brateningrat sarimbit.
P. f. en p. r. atapani noemoelkeun
kapalaj.

Pidato Kdj Dalem Bandoeng
perkawis Inl. Verponding di
Volksraad.
Djoeragan voorzitter!
Dina waktos ngahadamikeun In-
landsche-Verponding, koe sangkan
dijisim koering ti pihak prijaji B. B.
aja noe njanggakeun kaabotan kana
gelarna eta atosan, sanajan saeutik
oge tona pikeun nimbang noe sa
leresna.

loean teh didjandjar soepados en-
djiugna doengkap deui sareng bilih aja
deui noe panasaran kana sanlag In-
landsche verponding, koe djiisim koe-
ring didjoeroug daroengkap bae sa-
reng noe tiloan tea.
Doepi endjiugna matak kaget pisan
ana boeroeboel teh daroengkap ka dji
sim koering, kirang langkoeug 500
djalma boeroean doegi ka pinoh, Ta
ledjakna eta djelema noe sakitoe seu
eurua, meh itjal tina katartiban, doegi
ka djiisim koering kapaksa ngawa-
wadi koe lemah lembot; diterang-
keun jen leuwih bade eta perkara oe-
rang oeroeskeun deui soegan meunang
kaentengan. Noe daroengkap harita
teh babakoena padagang, noe meh ta-
ra tjampoer kana gerakan politik, na-
nging waktos harita mah omongana-
na taja bentenna sareng omongan
Kaoem pemberontak, djadi tetele dje-
lema djelema teh pada narapsoe.
Koe ajana Inlandsche verponding
soemawonten noe lalaga, nadjan noe
saareutik tanahna oge, hatena pada
maroempok doemeh ngaras jen In-
landsche verponding teh abot teuing,
ngalangkoeug tina kamampohana
na malah djelema noe daroengkap ka
djiisim koering pada marenta soepaja
eta padjeg anjar ditjaboet deui, hen
teu tarerangan jen Inlandsche verpon-
ding teh parantos aja dina staatsblad
sarta kabeh didjalankeun moal ke
nging ditjaboet deui.
Djoeragan Voorzitter, djiisim koering
oge ngaras jen moenasabah oepami
padjeg tanah di kota agengna satim-
bang sareng pangaosna tanah; tjind-
deku padjeg tanah di djeru kota ge-
de kedah narimbang kana kaentoe-
nganana tina eta tanah, margi kirang
adil ka noe ngaradoehan tanah di
loereun kota, margi tanah noe kitoe
mah saeutik pangaosna nanging pa-
djegna sami sareng tanah noe ageung
pangaosna. Nanging aja eta makasud
djiisim koering kitoe teh moeng pi-
keun tanah di djeru kota noe aja to-
ko sareng imah imah noe disewakeun
bae djadi noe ageng ngoentoengkenna
na celah sapertos atoran ajenna, doe-
gi ka Inlandsche Verponding teh a-
gengna sami, sareng Verponding tanah
eigendom.
Agengna Inlandsche verponding pi-
keun tanah noe diadegan, noe harga
sewaanana f 60— sataoen (di kota
Bandoeng mah imah goreng oge meh
tara kirang sewaanana ti f 5—)
doegi ka 7 1/2 % tina „harga sewaan“
(huurwaarde), ughale verponding ta-
nah eigendom moeng 3/4 % tina harga
verponding“ (verpondingswaarde). Koe
margi harga verponding diatanga 10
harga sewa, djadi tarif Inlandsche ver-
ponding oge sami sareng tarif verpon-
ding tanah eigendom 10x3/4% = 7 1/2 %
Djadi katinggal, Djoeragan Voorzit-
ter, jen padjeg tanah miilik di kota
ageng (Inlandsche verponding) sami
sareng tanah eigendom (verponding
Eropa). Oepami diemoelkeun jen ta-
nah miilik mah henteu sabaraha ngoen
toengkeunana sapertos tanah eigen-
dom, nja eta ari tanah miilik mah teu
tissa dihypotheek, tjindokna pangadi-
na tanah miilik langkoeug kirang ti
batan tanah eigendom, tembong pisan
atoeran Inlandsche verponding teh
henteu adina.

schaafd en ontwikkeld Inl. Hoofd-
ambtenaar“ teu kawangikeun rek
didamel.
Djaba ti noe diseboet dina eta soe-
rat kabar, saksi ngaenjakeun buiten-
gewoon beschaafd en ontwikkeld dina
waktos djadi lid Gemeenteraad pem-
bela partij sili, Pasoendan njaksi pi-
san jen euja kitoena:
Keur aja Commissie Staatsherzien-
ning andjeunna kapilih djadi lid tina
eta Commissie, nepi ka koe Kdj. toe-
an besar Van Limburg Stirum kama-
nah pisan (dipisobat) Djoer. Koesoema
Soedjana Voorzitter Pasoendan mau-
teu oeningaen pisag waktos eta.
Keur djadi wadana di Poerwakarta
Regering oeningaen pisan di a ver-
slag andjeunna dina basa Walanda
tina hal tjepengana.
Keur djadi Wadana di Bogor, ka-
njahoan deui bae kaloehoenganana
koe pihak Europeanen jen lain oeng-
hakeun lebah andjeunna tina hal
kaeningana, perkara naon bae.
Maloem atoech ti Osvia, Landbouw-
school, Bestuurschool, nepi ka didja-
dikeun Controleur voor Agrarische
zaken.
Inl. intellectueelen mah Djawa Soenda
teu aja noe bireuk. Soerat - soerat
kabar basa Walanda pihak sili pon
kitoe keneh. Sasoroan djeung sese-
ratan basa Walanda teh kawas leu-
wih aloes batan basa Malajoe.
Ajeuna tina hal Pangoeuban bang-
sa oerang. Andjeunna ahli, tapi teu
kersoeran katangar. B. O. djeung
Pasoendan koe andjeunna dipitjinta
kalawan diboeutikeun, tjatjakan aue-
dipoetoe koe damel noe dieust mah.
Teu liren-liren upaging: ngadegkeun
debatingsclub, ngaloeloegekeun ngad-
egkeun societieit, nepi ka tooneel
Pasoendan korsi media noe andjeunna
diparakeun, didjaring pisan bisi koe
pihak sana dihina.
Moen aja lid Pasoendan atawa B.
O. anoe teu poegoech, haloean diina
ngadadarkeun pamanggihna geus kitoe
koe andjeunna diebat, dipalar sira
boga standpunt (haloean) atawa sina
bener.
Panganggo, maloem liliana di
wewengkon Batawi „democratisch“
saor Djoer. Poeradiredja tea mah,
moen boga rasiah gede, moelak pa-
srahkeun koe Tjabang Pasoendan Bo-
gor andjeunna dicandidatkeun kana
lid Volksraad.
Ramana kagoengan titel „Raden“
gandjaran tina kamanah damelua,
kenraa djadi Patih Pwk. andjeunna
teu kawaria, tapi koe damel andjeun-
na keneh digandjar deui titel „Raden“
estoe menak (Rahadhi) atawa satia
toeroenan, lain poepoelasan.
Estoe mernah pisan moen Panga-
goeng ngabenom andjeunna djadi
Bopati Mr. Cornelis, naon deui noe
diarah.
Komo moen ngingetkeun Pasoendan-
keur (noe) oerang Soenda mah.
Moega-moega Pangagoeng ngaboel-
keun kana panedana oerang Soenda.

tani,
djadi patoekangan
koeli-koeli dj. s. t.
Djimatna:
Toengkoel ka: Oeroet
Tanggah ka: Bakal
Nja-eta: Leukeun neuleu noe anggens,
Sabar njawau; noe tatjan.
Dagang teu hina.
Tani teu laip.
Djadi patoekangan teu hina.
Koeli-koeli teu laip.
Titatan oerang ngadjalankeun
ka ma'siatan noe dilarang koe Agama
djeung Drigama.
Dagang.
Di dieu koering rek nerangkeun
hidji-hidji. Tapi moeng oekoer saka-
darna, rarantjang imeutkeun and-
jeun noe leukeun.
Dagang, tjek koering. Dagang teh
nja-eta hidji djalan pangopeah Djiwa
noe teu dilarang koe Agama djeung
Drigama alias djalan bener.
Warnana:
aja dagang sorangan.
aja dagang basero, nja - eta
tjampoer moal djalma tea, boh doe-
aan, boh leuwih ti doea:n.
Lamoen oerang dagang sorangan
nja-eta modalna teu ditjampoeran koe
modal djalma sedjen, oerang koedoe
awas pisan, koedoe taliti, koedoe
bisa misahkeun modal djeung kaper-
loean oerang sadidinten.
Samboengenn.

Ti pipir hawoe.
Gelenjoe nampa soerat boelanan ti
H. B. Pasoendan, ari lid Pasoendan
noe sedjen geus nampa?
Dina eta maandblad Gelenjoe ma-
tja jen di Bd. ajeuna keur ngadegkeun
Pasamoan Pasoendan noe ajana di
lochoereun toko Hellerman.
Amboeing, na Sang Bima nga-
wang-ngawang. Kitoe nja kitoe atoech,
ngan kade tnoeren deui bae, kade
ah, eta elid elid soteh oelah sok ta-
barian tjebleh bosenan, geuning ari
opbouw mah sakitoe hesena, teu
tjara ngaroeksak ngarempoe.
Didoakeun, malah dipoeasaan nana-
on koe boelan mah sotenan.
Sing era kang, koe kang Emas, etah
tjatjakan ngembara mah, naha ari
pariboemi, Paroekoeran, Societeit Mer-
dika, Concentratie bari nongton bal
tea? goeling, goetrag, gebroes, ajeu-
na djaman Vanderhoop isme, nga-
wang-ngawang. . . . edaas lengoes
Bandoeng, pek kadinjah rodjong, dja-
ga ledeu anoe sok abrekten tjawadan,
bedegong djeung belikan ontseleh ata-
wa tjaur. . . . al bae, ari teu nawaetoe
verbeteren ka baugsana lemah tjaina
ka . . . . . jah loea teuing omong-
keuneun zeg.
Gelenjoe.

Pikiran!
Djalan ka: Madjoean,
langs Orde en Rust.
Lamoen lain eta,
oelah wara dipilampah.
Toengkoel ka: Oeroet
Tanggah ka: Bakal.
M. G. K.
Timbang-Windoe postmerk.
BAB PANGOEPAH DJIWA.
Pirang-pirang djalan pangopeah Dji-
wa ngan kari daekna bae, kajaning:
dagang,

nemoe, beubeunagan sakola ngadji, nja eta akal tea, noe oemoeun djeung batoe, anoe loembrah djeung sasama agamana drigama toeroet noe boekti, tintjak reugkak kasoeka.

Soeka ati ati sanoebari, soeka mah mah manah noe loegina, tangtoena maal sabongbrong, digombrong koe ka bingoeung, nadjan soegih meekti di la hir, teu toeloes hoeripna, bougan hi roep koesoet, tah pangusi kam-noe saq, mangga edjah sawawi lamoen geus OENL paraloen ka sadaja.

**Pangwalon.**

Neda kamandang Redacteur Sipatahoenan, soepaja diasoepeun kana soerat kabar "Sipatahoenan".

Ieu teh minangka ngawalon otjehan Ardiwikarta tea, anoe aja dina Sipatahoenan tg. 24 Maart 1925.

Bilih para djoeragan-djoeragan noe maraos Sipatahoenan, antosan-antosan djawaban koering ka Ardiwikarta, eta koe henteu diensikeun kana Sipatahoenan, sabab sanes lebetkeun kana kabar saroepeu ieu mah: perkara tjektj-keotjek, roentah. Lamoen enja oge aja hartina tangtos disanggakeun ka Pangageung Negri atawa Distrikt anoe kagoengin wadji ngoeroes.

Ieu perkawis "Otjehan" koering terang di Pangadilan keur koempelan distrikt tg. 24 Maart '25, anoe koering dongkap ka patigi, wet parantos aja Sipatahoenan No. 39 teh.

Endungna dinten Rebo tg. 25 Maart 1925 Ardiwikarta, koe koering ditjaloekan (da tjaket atoech, pondokua teh kirang satengah paal oge)

Sadjeuna Ardiwikarta, kinten ta-boeh 10 endjing endjing, toeloj koe koering ditanja (kalawan ngangoes saksi wasta M. Kartapradja, Djoerctoehs Kantor Jenderdistrikt) tjek koering: Ardiwikarta! bener geus ngasoepeuna tarita dina Sipatahoenan? Djawatna: jektos.

Naha aja piononggeun wet dikirim heula ka Sipatahoenan had-na dikirim bac, eta soerat ka dewek, kapang deukent, toer teu koedoe make franco. Atawa ngomong koe soengout oge mo boeroeng kadeng, mo boeroeng kularti, omongan silaing teh!

Eta naon sababna? Teu djawab.

"Mangga silaing ditjaloekan teh, rek ngadjarab pertanjaan silaing dina Sipatahoenan tea, hajang dionghok soepaja bisa panjang taritana, bisa silih tempat. Tapi ieu oge sakeur anoe kenna ka dewek bae atawa anoe koe dewek geus kunjahoan (Ari anoe ka L. B. mah tangtos diwalon koe pribadina, engke meureun, paudeuri! sabab soerat kabarna oge karek datang kamari, tjan dikirimkeun.

Tidinya teroes koering ngadjarab panaraja sub a. b. sareng c.

Sub d. lepasan padjeg boemi bari ditombongkeun sarta dilhartikeun maksoedna boekoe "Pamimpin" No. 9/BB perkawis padjeg boemi, sareng salinan Besluit P. K. T. Resident Priangan dlo. Bandoeng 7 Juli 1921 No. 14563/17 malah dititah dibatja sub f. g. h. sareng i.

Ardiwikarta! noe matak dewek teu ngawalon di Sipatahoenan sabab aja omongan silaing anoe maksoedna hajang "make Hakim" Sipatahoenan hajang "djoeroes" koe Sp. Eta, dewek mah teu taloech ka dinja, tapi taloech sarta pertjaja kana Pangadilan Hakim "Gouvernement Hindia Nederland" malah silaing oge koedoe kitoe! Sabab Sipatahoenan mah lain Hakim henteu aja kakawasaanana pikeun moctoes perkara. (\*)

Aceééééé, Ardiwikarta! aja anoe dilawat wet aja ketjap oepami "djoer" Sipatahoenan, sagala.

Eta dewek teu pisan-pisan tjedwa, henteu! Malah hajang ngamadjoekoeun kana kabangsaan Soenda. Malah geus njarios ka djoeragan Administraturna (Stationsweg 33 Tsm.) jen rek majar satahoeneun pikeun 7 langg = 7 x f 5, = f 35, = nja eta hajang geura laksana Sipatahoenan boga kantor tjitak sorangan tea, hajang geura tembong kamadjoeanana kabenguharanana" Pasoeendan teh. Malah geus rerempoean ± 41 djelema hajang meuli aandeuna.

Wasalam

Sastradiwangsa

A. W. lang. No. 148.

Parigi, 26 Maart 1925.

(\*)Sipatahoenan, sanes Hakim, sadajana oge terangeun, ngan sakadar djadi

tatali (sasak) antara noe "diparentah" sareng noe "marentah" soepaja bisa laloeasa henteu kapaksa koedoe toeng-goe, njembah; dioek tjindekna "idek-liher" anoe ugarendahkeun tjarek djamanu ajeuna. (Red.)

**Cominisme Kararoeng.**

Wawakil djoeragan Kartawirija bendoe!

Lantaran parantos ilabar, tabeatna Coministen sok ngaler-ngidoel; kajjasma ngan nangtang - nangtang bae, lodong kosong oemoeuna ngelentoeung, deapi maksud djoeragan bade ngoedag djsim koering; henteu sawijos! Mangga! satiasa-tiasa djsim koering toemoct, namoeng djoeragan oelah di kedok, boeka heula toeroeb pameuteu, tawisna pameget teroes terang, tem-bongkeun djenengan sadjati.

Malah oetaminamah kedah soemping anoe bade ngoedag mah ka romplok djsim koering; mangga dian-tos!

Atanapi djsim koering koe-doe doeng-kap ka boemi djoeragan? Mangga!

Iraha bade soemping teh? dinten naon? Terangkeun heula djenengan anoe sadjati teu katji soempoct-salin-doeng, djagan!

Wirapoetra Tasikmalaja.

**Verslag Optocht Miradj K. Nabi Moehamad s. a. w. dina tanggal 27 Radjab 1342 di Djogja.**

Dina tanggal 27 Radjab peul Saptoe kabeneran ti 12 Februari 1925 di Djogja geus diajakeun optocht loear biasa gedema koe Oemat Islam di Djogja kira-kira 50.000 (lima poeloech reboe) Oemat Islam.

Samemehna koering njaritakeun koemaha eta optocht kaananana djeung karameanana, rek njaritakeun heula sacetik pamandangan ajana eta optocht.

Anoe teu disangka-sangka, anoe teu dikira-kira bakal sakitoe ranena sarta gedema eta optocht geus didatangan koe pirang-pirang oemat Islam anoe sakitoe polaruna, ngalut ngomongkeun ngembat-ngembat njatang pinang ti Koelon, ngagaroeh ti Kidoel, ngabroel ti Wetan, ngalengendeut ti Kaler, kabeh bari marawa bandera hedjo noe make gambar sorotna sarungenge, sarta noe ditioelis koe lapad sahadat kalimah kalih, karoempoel di aloen-aloen beulah Kidoel karaton.

Sarta di oenggal imah hareupeunana pada masang bandera hedjo noe galed, noe make gambar sorot sarungeng, djeung lapad s a h a t. Polar-na wasna sabib moenggoeh bangsa oerang mah (Islam) kakara pisan ajeuna ngajukeun atoran make masang bandera dina waktos hari besar Islam, malah satoelojona kabareup dina oenggal-oenggal hari besar Islam saperti lebaran Poesa, gerebeg Maulod atawa lebaran Rajagoeng, oenggal imah bakal masang deui bandera.

Noe oekoeun deui kaajaanana eta. Optocht sanggeus koempoel di aloen-aloen toeloj dipotret keur asoepeunneun kana bioscoop. Samemehna indit toeloj Bestuur Comite naek kana taradje soepaja maratja salawat djeung salawat. Sanggeus na toeloj disamboet koe djala ma noe sakitoe lebanan bari njeboet Hidoep Islam! Hidoep Islam!

Ti dinja toeloj mimiti mangkat didjieun doa bagian, noe hidji bagian djalan ka Wetan-Kaler sarta ti hareup dipingpin koe R. O. S. Tjokroaminoto, noe sabagian deui djalan Ngelon Ngaler dipingpin koe R. M. Soerjopranoto (kabeh bestuur Central S. I.) Sadajajalan teu eureun maratja Sa h a d a t djeung Sa l a w a t. Sakabeh sedjen bangsa djeung sedjen Agama tjaroblok niagal kana madjoena Agama di Djogja anoe sakitoe gedema. Pandjungna eta optocht anoe doa bagian teu kira-kira, aja kana 5 pal sarta patepoeng deui di aloen-aloen beulah Kaler Karaton; lamoen ditingal asoepeuna djelema ka aloen-aloen teu beda saperti waloe-ngan keur bandjir. Sanggeusna karoempoel deui di aloen-aloen Kaler, toeloj di dinja diajakeun voordracht koe bestuur Comite nja eta: Kiai Ibrahim, R. O. S. Tjokroaminoto, Kiai Abdoelah, Kiai Maroef, Kiai Fahroedin, A. D. Hani djeung R. H. Adjid. dina papangoengan noe meunang

mapaeasu koe segala hedjo. Oge tempatna eta koempoelan teu kira-kira beresna diatoer soepaja teu bisa rjampeur tempat. Istri istri diiling-koeung koe pager, sarta disadiakoeun Comite bangsa istri noe baris noeloeung bisi aja kadjadian aja noe mabok koe panas, atawa koe hawa.

Oge Comite pameget disadiakoeun landong-landong bisi aja noe katjilakaan mabok koe hawa panas djeung sabangsana. Satoetasna toeloj pada naretepan, hadjat di masjid gede. Ieu verslag diringkeskeun.

**VERSLAGGEVER.**

**Era parada.**

Sateustjanna prak mitembejan anoe bade diwangkongkeun djsim koering bade broek brak heula oem-djoek noe ka bilih aja anoe lepat sangka atana pi koemaha onam, poegoh mah hi deung disangka bontas sareng sadjawi ti eta djsim koering tjek tarasana pribados kaum pasoeendan toelan anoe teroes kana ati sanoebari, pendekna mah kawas kawas hese pisan ngoeng get ngoengget moen koedoe nunggal keun kalangan Pasoeendan. Kitoe so teh . . . sapandjang Pasoeendan nje kel haloean sareng dasar anoe ajeu na sareng kap-nger pengker.

Noe maraos sadajana ajeuna paran tos oeninga haloean mana sareng par tj mana anoe dilekeman koe djsim koering. Nja kitoe deui haloeanana pangoeohan Pasoeendan kawasna geus maal aja noe biremek.

Wangkid ieu djsim koering teh noedjoe ngombara di Diawa tengah teuh ti sanak ti kadang, soemawon ti noe sahwau. Anoe tengtrem ngabo ngokan sabab minggoe teu aja deui djawi ti poen "Sipatahoenan."

Meh oenggal oenggal dinten dina rigoengan bangsa pribadi, boh bangsa Waanda boh bangsa Timbaha, kak o pin-gua koe djsim koering teu aja deui anoe djadi panglemehan lintang ti "kariboean di Priangan". Sabab sabab koering muse ngaleng, raung noe naranjakeun "kariboean di Prangan" malah make aja noe najakeun: "Teu boga baraja kateanggeun" na naon. Sasarina ari aja noe ngobrol keun Priangan teh djsim koering sok dangah, liang ireng "manamoenan" tjedah, djalaran taja deui anoe dijari oskeun djawi ti kasaeanaana, Karesi kamana Priangan. Koemaha ari ajeuna? Ajeuna mah ari aja anoe ng broelkeun Priangan teh reup geuneuk raj pas, boele poendoeq tiararengkat, keelit neuras koekoerajeun bawaning koe . . . era . . . toerta era parada.

Sadaja manawi pada oeninga, anoe disebut "kariboean di Priangan" koe djsim koering teh nja eta: taloech na pamangkabna Sarikat Hedjo sareng sabangsana. Koemaha henteu rek dja di sabiwir hidji atoech da djoel djoel kawas soeoeung moesim pabaro bae. Tjkeneh ritoe ritoe di Soemedang, geus ger deui di Bandung. Bandja san kakarek pareun ugeng di Tjian djoer samalan ka behdiennakeun mah tjedah, meh meh di Tasik pisan.

Djsim koering moepakat pisan kana karanganana "Gelenjoe" dina S.P. No 39 Sanggem Gelenjoe: "Iedereen heeft recht op bescherming" Enja, be ner jaktos pisan, samalah oepami teu lepat mah ieu omongan teh saues oerang somahau nanging "kapalana Wet pribadi anoe disarebat "Regeeringsre-gement" tea. Kapan artikel 108 Hoofdstuk ka genep oeninga gou i g kien: "Allen die zich op het grondgebied van Nederlandsch Indië bevinden hebben aanspraak op bescherming van persoon en goederen" (Sakabeh anoe tjitjing anoe aja di Ned. Ind. boga hak ditangtjoeangan boh badana, boh barangna).

Tah geuning sakitoe amisna, sakitoe raosna ringkelna dina wed mah. Na ajeuna make nepi ka aja kadjadian sapertos kieu? Naha nepi ka teu ka talingakeun koe anoe njekel wet?

Djsim koering era parada koe doa koe tiloe, eukeur mah Priangan kaba wa baw katoeroeg-toeroeg anoe pang pangna mah "ngaran Soenda" dikoko tor. Tjek deungeun-deungeun: "meudjehna, oerang Soenda bot teu bisa nahan napsonea, bet ipis oetukna, bet taja kanjaah ka bangsana, bet ipis pisan rasana kabangsaan teh, meureun geus poegoh ka bangsa sedjen hianatna teh tjatjak ka papada Soenda deui oge sakitoe." Toeh da sa kabeh Soenda kabawa! Anoe ngol mongkeun tara hidji-hidji, dikompet daenkeun biasana mah. Anoe katjida koering mangerakeunana mah koe pa

djarkenn menakna koe andjeun ngabo botohan kana ieu kabiantan, katele-ngesian. Oepami jaktos sakoemaha anoe dibedjer baskeun dina soerat kabar maljoe, katjida pisan djatoh merekna Soenda teh.

Anoe digalaksak, ditolengesan koe Sarikat Hedjo babakoena tjedah Coministen. Djsim koering di lchoer prantos diserat, kaum Pasoeendan, djadi sanes pisan-pisan Communist, nanging dina lebab kieu, miloe ngawa miloe teu resep ka hidji parte anoe teu ngabogaan wihawa perjoga anoe teu make pranatan kamatoesaan, nja eta saajeuna mah boektina Sarikat Hedjo.

Sakabeh oerang Soenda, anoe njah ka bangsana toer ka lemah tjaina kana daradaj bangsana, perloe pisan miloe satekah polah ngabasi ieu ka lakoean cawenang wenang.

Sanadjan Pasoeendan teu sahwau teu sahatoean djeung Sarikat Rajat oerang sarerea kaum Pasoeendan wa djib manggeneskeun, mangjerikeun ka Sarikat Rajat, lantaran djalan a noe dipako taroeng koe moesoehma la in djalan kamatoesaan, lain djalan kasatiaan. Tapi djalan katelengesan, djalan anoe geus leungit akalna dja lan noe geus ngaboeta toeli.

Koemaha haloeanana, koemaha a lang oedjoerna, pakoempoelan anoe disebut Sarikat Hedjo, djsim koering henteu terang, djalaran teu atjan ma tjia ringelna noe njaritakeun. Na nging oepami ningal kana prak prak naa ajeuna ieu pakempelan pikeun pakempelan pakempelan beulah ken tjia djadi bahaja.

Margi margina anoe mawi djadi baha ja manawi kapajoeun koe djsim koe ring dibedjer baskeun.

Sakali deui: Pasoeendan sareng sadja watna perloe miloe ngabasi tala djakna katelengesan pakempelan Sa rikat Hedjo, sanadjan oerang teu sa mak teu kadag ka Sarikat Rajat oge koe margi ieu perkawis, perkawis oe moem, nangtjoeangan kaananan sa reng kasantosan oemoeun.

Oepami diantawis noe maraos Sip-aja end Sarikat Hedjo disoehoenkeun soepados keresa nerangkeun koemaha alang oedjoerna eta pakempelan.

Od.

Djawa tengah Postmerk.

**Masjid Mangoenredja.**

Njambong soerat kabar Sipatahoe nan No. 37 tg. 10 Maart 1925 artos anoe prantos katampi ti noe haradiah sareng woewoehna:

|  |          |
|--|----------|
| Asal ti pajoeun . . . . .                          | f 518.30 |
| Ti abdi abdi dessa Tjikoenten f                    | 7.00     |
| " Ladang soeloeh . . . . .                         | 1.30     |
| " abdi abdi dessa Tjiban deuleum . . . . .         | 3.35     |
| " abdi abdi dessa Tandjoeng laja . . . . .         | 7.60     |
| " abdi abdi dessa Mangoen redja . . . . .          | 2.00     |
| " abdi abdi lebat onderdis trict Salawoe . . . . . | 61.96    |
| " abdi abdi dessa Pamoera san Taradje . . . . .    | 30.17    |
| " H. Sanoesi dessa Soeka mauah . . . . .           | 2.00     |
| " H. Idris dessa Singaparna f                      | 6.00     |
| " Bapa Alsijem dessa Leuwi boedah . . . . .        | 10.00    |
| " aodi abdi dessa Tjoe kang kawoeng . . . . .      | 20.60    |
| " abdi abdi dessa Tjikoentir f                     | 5.10     |
| " Loerah hoermat Leuwi doelang Tradjoe . . . . .   | 7.78     |
| " Tirta dessa Singaparna f                         | 8.50     |
| " Hasan dessa Mangoenre dja . . . . .              | 20.00    |
| " Nji M. Hadidjah Soeka radja . . . . .            | 15.00    |
| " H. Pakih dessa Tjikoenten f                      | 5.00     |
| " Kampoeng Lenwipeusing f                          | 5.00     |
| " Madhasim Paoenggelang f                          | 2.50     |
| " Soeparta dessa Tjilam peeg hilir . . . . .       | 2.70     |
| " dessa Tjipsingeun Tara djoes . . . . .           | 6.05     |
| " Aaoed Sindangsono f                              | 5.75     |
| " H. Ahmad Tjeungetjeun f                          | 10.00    |
| " H. Djarkasih dessa Tjioa lanarik . . . . .       | 1.00     |
| " Djoeragan Naid Singapar na . . . . .             | 100.00   |
| " H. Abdoel Patah dessa Mangoenredja . . . . .     | 1.00     |
| " Nji H. S. Hadidjah Singa parna . . . . .         | 1.00     |
| " H. Abdoerahim Singapar na . . . . .              | 2.50     |
| " dessa Soekakarasa . . . . .                      | 14.13    |
| " M. Sastradijda Loerah dessa Tjipakat . . . . .   | 3.00     |

|  |         |
|--|---------|
| Ti dessa Tjikoebang Taradje f                      | 12.10   |
| " H. Koerdi dessa Soekarsa f                       | 2.00    |
| " H. Djarkasih dessa Soekarf                       | 1.50    |
| " Djoeragan Baitipah Bantar kalong . . . . .       | f 6.65  |
| " H. Kosasih dessa Ardja sari . . . . .            | f 20.75 |
| " Emod dessa Singaparna f                          | 1.00    |
| " H. S. Biloel Hamid dessa Ma ngoenredja . . . . . | f 5.00  |
| " Abdoerahman dessa Mangoen redja . . . . .        | f 5.00  |
| " H. Saleh dessa Tjibala narik                     |         |
| " Wirta dessa Tjibalanarik f                       | 17.04   |
| " Wardi . . . . .                                  |         |
| " Amit dessa Antinagara                            |         |

Djoembiah 1925,11

Bilih anoe maraos aja keneh rido gah mihawelas hadjah ka eta Mas djid dianos antos pisan margi masih teu atjan parantos doepi tapakna ar tos anoe parantos daljalankeun sae taringaban boektina (tapakna) eta pa damelan.

Malah diteraskeun midamel I ade gan sokola Agema (Madrasah) anoe ageungna 300 M. kaceleaneun.

Poen Loerah Mangoenredja,

Soeparmawidjaja.

Mangoenredja postmerk

**Asa noenoe djoemanan.**

Dina S. K. Sipatahoenan No. 37 djsim koering ningal karanganana djoeragan Wiratmadja, anoe boehog-kana sa'ir. Barang abitja diboelek balik estoe woengkoel maksadna eta kafangan, madjengna pakempelan a noe maksadna njar kasenanagan (pangoepah djawa) entong ngango poelitiek. Doepi pilhartosennana poelitiek oepami teu lepat, nja eta rajat teh miloe oeroe bieng atawa siug terangeun atoran ngolah nagara.

Tina margi hartosa poelitiek kitoe, eweratan sim koering mah enggoung ngamadjoekoeun kasenangan (pangoepah djawa) perloe nganggo poelitiek, poelitiekna anoe nete taradje nintjak hambalan.

Margi sanas senang tina hal pangoepeah djawa, oepami teu ngartos kana atoran soe'ok beoekna hal ngolah nagara, tangtos rajat teh seueur noe njebat naha atawa heran.

Malah djsim koering pribadi sering pisan ngoeung teangua rajat noe aja di kampoeng - kampoeng, kieu pokna: heran kapan kaugdjeng Gouvernement mah sok ngadamel artos naha ka abdi-abdi sok moengot artos padjeg, atoech ngadamel bae sing seueur tong moengot ti abdi-abdi da kawasa ijeuh.

Aja deui noe njarios, naha kapan imah koering mah teu disewakeun, ngan oekoer ditaksir oepami disewakeun dina sataoen pajoe f 120,— (saratoes deea poeloech roepia). namoeng kedah mayar padjeg kasab dina sataoen f 4.37, bet koering mah teu ngartos, ana kitoe atoech eta padjeg teh padjeg fanoen.

Aja keneh noe njangka, kien pokna: artosna kagoengan Sri Maharadja mah panginten parantos aja sakoe-dageun pare, lantaran artos roepi roepi padjeg sadajana disanggakeun ka andjeunana.

Tah kitoe djoeragan! sangkaanana rajat noe teu terang kana atoran-na ngolah nagara teh, toer kaugdjeng Gouvernement mah, enggoung ngaloearkeunana artos, sareng ngeuna-keun roepi-roepi padjeg nganggo a-toeran, teu sawenang-wenang.

Noe mawi tjek sim koering mah perloe noengtoen rajat nganggo dada-sar poelitiek soepaja oelah aja sang-kaan kitoe.

Naha manah djoeragan Wiratmadja parantos jakin, oepami rajat teu terang kana poelitiek, jen nagara baris aman?

Asa noenoe djoemanan. Kitoe deui djoeragan Wiratmadja njebatkeun jen pakoempoelan noe nganggo poelitiek sok ditalengtik koe poelisi. Pakoempoelan anoe ma-na noe sok di oedag oedag koe poe-lisi?

Tjing atoech djoeragan! tong di hoeroen soeloehkeun, margi pakoem-poean noe nganggo poelitiek di tapah Indonesia teh seueur? mani koe maksadna karangan djoeragan mah sadaja pakempelan noe nganggo poe-litiek awon. Sakieu bae lauan

Goena Perniagaan.

Leuh tada teuing bangsa deungeun anoe sok ngahina ka oerang teh ngarendjagna oepami ningal oerang teh parantos bounta. Bet geuning tah „Goena Perniagaan” ajeuna geus gen bae aja Tjabang di Tasik. Pikeun oerang sorangan asa beukah, gede hati make aja manah kieu: Toeh geuning bangsa oerang oge ari djoedjoer mah aja boeboektianana, geura bae tingali „Goena Perniagaan” geus make bisa njeun tjabang di Tasik sagala. Ijing atoh hajoe oerang toeloekjeun oerang pada noeroetan. Tah koe sabab ajeuna mah aja pangreugreug ka oerang, nja boektina aja bankna ajeuna harajoe atoh oerang njeun Maatschappij anoe sedjen, pikeun padagangan, da bankna mah oerang geus boga.

Djadi koe djalaran ngadegna tjabang di dieu teh tinangtos pisan bangsa oerang rada lilir tina kamalianana teh, tangtos harojong ngiring oelobioeng dina kalangan perdagangan, henteu toemetep dina lebet koeroengan batok.

Perkawis aandeel kenging diibaratkeun mesor tanah kebon anoe teu atjan ageung hasilna, njaeta anoe kedah dipelakan heula, sarta anoe kedah asak pangoroena, ari geus deg mah ngadeg tangtos tiasa ngotjor pihasi'eunana. Ari Goena Perniagaan mah parantos teu kedah ngomean deui da parantos tadi roeroepitna mah di Bandoeng, ajeuna kari ngala boeahna bae, sarta pangomea oge teu patos sakoemaha hese, margi parantos djalan, moeng kedah pada ngarodjong bae koe sadaja anoe gadoh rasa bangsa priboeumi.

Oepami dibandingkeun karentoenganana tina aandeel sareng tina hasil kebon mah kalintang bentenna, margi aandeel mah henteu kedah dioroos koe anoe ngagadoehan, moeng tinggal nampi hasilna bae dina tiap taon, Boektina bangsa Walanda mah seuseurna anoe baleungrah teh koe lantaran karagoengan aandeel dina Maatschappij-maatschappij naha ari oerang het keukeuh bae, moeng bati kabita ari noeroetan henteu kersa. Sareng deui oepami eta maatschappij parantos madjeung mah sarta parantos kadjodjo koe sanes bangsa, gampil pisan oepami bade namboet artos teh, eta aandeel tiasa digadekeun. Djadi sanggem pribados tadi sapertos kebon bae. Ari dina toeroen naik harga eta aandeel noemoetkeun koemaha kamadjeunganana bae eta Maatschappij. Oepami oentoeng tangtos seueur anoe moendoet djadi tangtos ngeugungan pangaoena oepami roegel tangtos ngerangan. Koe margi dina waktos ieu oerang teu aja anoe ngichtiarkeun pikeun djoel galuh eta aandeel, djadi tangtos oge eta aandeel teu aja anoe moendoet, atanapi henteu aja panawaran sapertos aandeel aandeel tina Maatschappij bangsa sanes.

Hoeripna toekang dagang sareng tani teu aja sanes moeng kedah koe rempog djoekoeng, tiasa ngadamel combinatie tina sadaja kalangan, nanging oepami teu aja anoe ngadjeudjeuhkeun mah, sareng anoe dipertjanten koemaha oerang tiasa ngadamel combinatie sareng rempog djoekoeng. Tah kanggo ieu tangtos kedah aja bankna oge, anoe ngoeroeskeun sareng nampi perkawis artosna eta kapertjantenan tangtos tiasa aja oepami aja tagenanana anoe tetep anoe disebat modal tetep tadi.

Samemehna dongkap kana pamaksa dan anoe sakitoe loehoerna, oerang teh kedah wantoan heula sareng daek bibirintik, oelah sok hojong oedjoeg-oedjoeg ageung bae, kedah daek leukeun heula. Djadi koe margi ari

ngawitan ngabaladah mah selamina sok hese, sareng sok kesel ngantosana, nja teu aja sanes moeng oerang kedah sabar heula, sarta nganggo tarekah dina lebet sawatara taonoe. Peupuriheun ageung oerang teu aja, ajeuna oerang alit bae heula. Noemoetkeun verslagna kapengker Bank Escompto oge ngawitan mah nganggo modal moeng 50 retoe roepia nanging koelantaran seueur anoe ngadeudeul koe simpenan sareng ngadeudeul koe djalaran karansa maleseran aandeelna geuning ajeuna boektina parantos sakitoe rekahna sareng modaina oge geuning ajeuna mah malioenan, kitoe oge henteu oedjoeg-oedjoeg ageung majat ngageunganana teh. Nja, eta mah kenging dibandingkeun sareng oerang bae, kapoengkoer keur orok oerang teh neda oge oepami teu dihoesapan teu tiasa ari ajeuna mah tiasa loemantoeng ka mana-mana. Tah ajeuna panoehoen pribados para djoeragan kersa ngadeudeul kana ngadegkeun ieu tjabang, koe ngagaleuh aandeelna pimodaleun kanggo di dieu, sareng koe djalaran ujimpin di anoe nembe bibirintik moedah - moedahan tiasa noeroetan bangsa deungeun. Doepi aandeelna Goena Perniagaan pangaoena f 100,—, pimodaleun kanggo djalan di dieu eta mah njangkakeun ka para djoeragan sadaja, sareng ka Vereeniging Boedi Kaprijajian. Sakitoe pihatoer pribados ).

K A B A R.

Tina s. E. Walanda.

Pakoempoelan I. E. V. njeun hidji voedselvoorzienings Commissie pikeun noeloeng bangsa Eropa djeung Indoe pang masakatna. Maksoedna baris babarengan digawe djeung koempoelan sedjen noe sapagodos toedjoeanana,

Di Tjina aja pergerakan koeminis noe maksoedna rek ngosir sagala bangsa kristen ti eta nagara.

Telegram djeung soerat radjol ti mana mendi, nandakeun ngiring sedih katilar koe President Ebert. Mangpoelceh-poeleoh riboe seerat noe radjol ti djalma leutik, kajaning pagawe di parit-parit barang tamang, koeli-koeli patrik di Roergebied, koeli koeli di Saksen djeung Neurenberg, patanen-patanen ti Oost Pruisen, pagawe-pagawe di hoogovenbedrijf di Oppersilezie djeung sadjaba ti eta sakamar meh pinoech.

Famogokan di pabrik katoen (China) geus eureun.

Di Amerika dina waktos ieu pohara ranjonga noe mareuli (perloe make) paneli (angkrek). Lantaran bareto ngan lakoe dina golongan dagang leutik, di sakoleah tanah Priangan ngan aja kebon lima poeloeh bae.

Dina waktos ieu angkrek noe hade lakoe 60 perak sakilogram.

Poetri Ratoe Alit, poetra Soesoehoean noe pangharapna, baris dioetoes koe ramana ka Negeri Walanda, pakeun njangakeun kaweningan dina waktos mestakeun „Zilveren huwelijks feest” Maha Radja Wilhelmina.

Artikel-artikel begrotong, noe nangtoekeun reana pradioerit daratan 607000 djeung soldadoe laetan 60000 pikeun Frankrijk, geus karempoegan koe Kamerna.

Hidji boedak aweue priboeumi di Mester nimoe doeit kertas pangadji sareboe perak. Eta doeit dipasrahkeun ka Sectie chef Mester. Noe kagoengan tiasa nampi eta artos ti eta politie bureau.

moal dilalaworakeun piwoelangna.”

„Nja ari kitoe mah hade bae, ngan oelah leungit.”

Nji Endjoem katjida atohna, ngahantem neges-neges roepana eta pret, hidji parawan leutik, dedeg mou djeuhna, boeok galing panon tjereu leuk amis boedi tjatjak koe Nji Endjoem dipandangna geus katjida resepeunana, sok tada teuing oepama koe noe lajakra nendjo, sageuj teu ka bita kilangbara kana kaedanan mah Eta potretan Nji Antasiah tea sobatna Endjoem sakola klas 7 di H. I. S. koe sepoehna geus ditjadang-tjadang pisan baris dika Mulokeun nja eta njoetjogan kana kabajang djinisna, Koe

Tjek bedja, Roergebied (Duitschland) baris ditinggalkeunana koe pradioerit pradioerit Prantjis, dina boelan September atawa October, bisa djadi oge taon hareup.

Bestuur sapopoé Moskouische-Internationale-Arbeids Unie geus ngirimkeun doest reana 10.000 goudinarken pikeun noeloeng noe katjilakaan di Ruhrgebied (dilantarankeun koe bitoena mijnen).

Djoeragan Soetarman, noe ngadegkeun djeung djadi Secretaris Hoofdbestuur P. G. B. geus moelih ka Rachmatoeilah.

Soldadoe-soldadoe Toerki geus ngareboet deui kota Karpoet. Kariboetan bangsa Koerdes masih teroes.

Anoe njekeul Pamarentahan di Angora sieuneun aja perang agama (godsdienstkrrij).

HOTEL BANDOENG di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koe iem di HOTEL „BANDOENG” ditanggal bersih sareng resep. Noe ngoeroesna oerang Soenda.

Beheerder H. I. MAKSOEDI

Bade diitjal hidji boemi sewaan pangaos f 200. sewaanana f 8,— salamina tara kosong. Sae badauten ka:

Kantor Pasoendan Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Nembe kaloeur Wawatjan Panggeung ka baroedak dessa pangaos f 0,15 sareng Ww. Karoen f 0,10 (2e. druk).

Toko Pasoendan Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Bade didjoel moerah

Satempat pakarangan legana ± 30 toembak pasagi, katot 2 imah, ka 1 bilik tembok ka 11 bilik biasa awi, Ajana di kampoeng Kali Djaga pajoeuneun bale desa Tawangari.

Moendoet katrangan pangaos ka R. H. a. Cortobi Tjitapen 31 Tasikmalaja

Anoe ngadjeng? Sanapi Benda.

„Kleermaker Atmawidjaja” BANDOENG

Ieu merk anoe parantos kamashoer ti kapoengkoer ksanggo ti bareto padamelanana sae sareng enggal, toer ongkosna biasa.

Ajeuna parantos tjaket kana sasih Sijam, tangtos mendak lebaran, mangga geura enggal niwarang ngadamel raksoekan atanapi lantjangan bilih kasiangan,

Anoe saget ngadjeng poen Atmawidjaja.

goeroe-goeroena kabeh dipikanjaah nja eta tina kasoehoedanana kana diadjar seukeut pikiranana rea pisan pangartina anoe meh loear bisa sering pisan meunang rapport 10 babakoena tina itoengan djeung Aardrijks kunde. Teu heran pirang-pirang boedjang noe pada kaaredanan, malah geus aja joes tiloe pangkat anoe saromping ka ramana, nja eta djoeragan koewoe tea, tapi tatjan dienja enja ditarimana.

Kira wantji poekoel tiloe eta does sobat geus aja di station maksoedna arek papisah di dina, noenggoe kareta.

Preanger Chemicalien Handel Tasikmalaja. Ontvangen: Karel 1 Delftsche Moortjes La Semeuse Sigaren

H. I. S. PASOENDAN TASIKMALAJA. Disoebisidie koe Goweremen. Noe bade ngalebetkeun moerangkaliib ka H. I. S. P., sae tjandak moerangkaliibna kee sepoehna ka sakola ngawitan ti kaping 1 Mei '25 (taboeh 9 endjing). Schoolbestuur Pasoendan.

N. V. Algemeene Levensverzekering Maatschappij „INDONESIA” Bandoeng. Kantor loeloegec Bragweg No. 37/39. Njaeta hidji pagoejoeban bab ngalolangkeun artos noe oerang boemi, noe ajana pangpajoeanna sareng pangloehoerna.

Toko Saderhana & Kleermakerij DAMES HEEREN en KINDER MODE ARTIKELN STATIONSWEG 41 TASIKMALAJA. Salagi roepi-roepi panganggo istri pameget sareng moerangkaliib, sapertos: selopi, sapatos, topi, Kamedja, Pjama, sareng-sareng Pakelat, Koetang, Kamedja istri, blouse, Rokartikelen.

KLEERMAKERIJ Toko „EMPANG” Stationweg Tasikmalaja. Salagi roepi-roepi lawon piraksoekaneun sareng pilaatjingeun sapertos: roepi-roepi tariko, Zerge gading, Lena S. 101 bal lena, Soetra danas, roepi-roepi lenden roepi-roepi drel, sareng roepi-roepi lawon pikamedjaeun pipajamaneun.

Madkaja. „Itoe geura ki Wiragoena, ari geus ngagorengkeun Madkaja teh aja pantes, madjarkeun teh roepana Madkaja salilana siga noe rek beresin teu toeloes molongn bae, sabatae laleur anoe arasoep kana soenggoetna.”

na, iraha doeit Madkaja atawa kedjo Madkaja disembah? geuing oedjoeg-oedjoeg tjelebek bae.” „His ari Api,” tjek Wiragoena; „Ia in kitoe, kami mah njembah soteh aja noe dipambrih!”

**TOKO OBAT**  
**N. V. Internationale Apotheek en Commissie Kantoor**  
**Kranggan Temanggoeng (Java).**

No. 33 „Insect poeder“. Obat bikin mati dan ilangkan koetoe boesoek tinggi amat kras f 1,25 dan „Tjonggiangwan“ Orang lelaki toewa bisa djadi moeda, kembali makan ini obat f 5,-

No. 34 „Obat Stajaki Obat Colera sakit peroei oeloe ati sakit dan sakit gigi srenta boeang-boeang aer ingoes baroem wangi rasa enak perloe boeat pabrik-pabrik roko tai obat boekan familie f 4,50 dan „Lentera Electricch boeat tangan of kantong matjem-matjem modelnja complet moelai barga f 2,50 f 3,50 f 4,- dan Vanille stoks“ of vanillie londjoran bole dapat beli perstuk per 10 stuks per 100 stuks t/m 10 000 stuks tanggoeng vanillie bagoes lemtek kleur item dan soeda kloear kristal djoega bole dapat beli per pond.

No. A. zilverbricht Obat bikin poeti dan bersih gigi srenta djaeeken segala pi njakit gigi, dan kalo tida moestadjab kasi kembali f 1,75

No. B. Obat semoet atawa „anti semoet“ segala barang of makanan kalo di taroek ini obat segala semoet tida brani deket

„Pili temoelawak“ bikin koet peroei dan napoe makan „Pili demem“ kloearan Soeraloja f 1, f 1,50 dan „Pili tablet“ kloearan Bandoeng f 1, 100 bidji „Contrarahma“ voor rheumatiek teolang linne entjok lempoh sakit peparoe gegindjel koerang dara en soensoen dara dingin badan lema (lema) bikin tjalaja maeka meta dan segerken badan ini obat tanggoeng baiknja tida baik wang kembali f 4,- Hesch besar

No. 37 Obat bikin bikin bagoes dan aloeis alis srenta bikin tabel alis dan mengkilap a f 1,50 dan

No. 38 „Obat tjatjing boeat koeda f 3,- obat bawasir ambei tidjehng pantat kloear hiekel darah enz.

No. 39 Obat bikin bersih darah boeat lelaki dan prampoean ilangkan 30 roepa penyakit djabat.

**TOKO**  
**Universeel Agentschap**  
**NIC MULLER**  
**Goenoengladoe No. 15**  
**TASIKMALAJA**  
**Telefoon No. 26.**

Awas! Awas! Awas!  
Model! Moerah! Sac!  
Roepi-roepi poelas keur panganggo noe parantos belel djadi sae deui.  
Sajagi roepi-roepi landong:  
Landong poeang.  
Landong raheut.  
Obat koetoe  
Lisah Kolonjoh.  
Lisah Wangi.  
Obat ramboet.  
Landong kasawat boel.  
Landong kasawat kroelit.  
Landong soepados tiasa sare.  
Landong kasawat lambot.  
Sareng roepi-roepi taroskeun bae, bade nganggo raon.  
Kahade awas kana obat noe sok ngaresak salira.  
Kenging ngagaleuh obat ka filiaal atanapi ka noe ngider.  
Hoermatna  
**Nic Muller.**

**BINTANG HINDIA**  
Algemeen Geill. Weekblad  
Hoofdredactie  
Parada Harahap-Chia Chun Fong  
Redactie: Anna Sjari  
Rubriek tetap berisi gambar dan artikel: Hindia tjanik, Djempolan Hindia, Literatuur, Kroniek (Buitenl. politiek), Sport, Dalam perjalanan, Doenia Film, Feuilleton, Doenia Isteri dan lain lain.  
Barga langganan f 2,25 sekwartaal  
Tempat advertentie yang paling baik, tarief pantas. - Mintalah proeluummer gratis.  
Adres: Bintang Hindia Weltevreden

**Hotel SIANG HAY**  
STATIONSWEG  
Tasikmalaja.

Adres jang soeda tersohor, pemeliharaan bagoes netjis, model sekarang, penerangan menjenangkan, pembajaran bersaing  
Djangan loepa toean-toean dan sobat-sobat silahkan datang di saja poenja Hotel, tentoe tida aken ketjiwa.

**TOKO BOEKOE**  
LEZERS BOEKHANDEL

**NEMBE DONGKAP!**  
VULPEN „OSMIA“ gagang hideung kalam emas . . . . . f 8 50  
Driehoek sareng gradenboog  
Boekoe-boekoe dagang marilah.  
Kertas pos 100 lembar . . . . . f 0 75  
Kertas gambar salambarna . . . . . f 0 15  
Wadah soerat „Leitz“ . . . . . f 0 40  
Karet tjap „gadja“ . . . . . f 0 10  
Boekoe seratan kandel Bantal tjap, mangsi, roepi-roepi, sareng sadja parabol njerat noe sanes.  
Mangga tjarakik ka toko,  
salam ta'lim  
**L. A. LEZER.**

Eere diploma ti Grootte Tentoonstelling Tasikmalaja. 1924  
**Koek - en Banketbakkerij**  
Fabriek  
**RADEN NATAMIHARDJA**  
Stationswegi 5/17 Tasikmalaja.  
Sadjab ti njagikeun Koeweh-koeweh teh, ngawitan ti ping 20 Maart moeka deui (Restaurant) sajagi roepi aroteun, toengneun, sesepeun, sareng boeab-boeab. Ditanggel bersih sareng njengneun kana panggali, tempat sae toemaninah.  
Noe ngantos  
**Raden Natamihardja.**  
Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.

**SIK DJOEN KWAN**  
**TOEKANG GIGI**  
**Tjhideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hi-roep senang sareng kasehatan, dina barang toeng kapalaj teh anoe parelem anoe rarans bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeng eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapoa dina waos, lami-lami ngagoendoeok ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.  
Di dieu bade diterangkeun, jen kbsawat waos nepami teu di toeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjudiken kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeng sareng senes-senes. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, nepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.  
Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koerik kalawan ditanggel.  
Nja kitoe deui njajagikeun waos palseo, poen, toelang, perak, emrs saniskauton aja. Ngaratakeun waos ngaheresihau sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.  
Njajagikeun deui panon palseo, oelah salem pang.  
Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.  
Anoe ngantos pesenan a saroeumpingna!  
**SIK DJOEN KWAN**  
Sarimbit.

**AARDEWERK PLERED**  
**H. MARZOEKI.**

Mangga pesen wadah sekar roko, wadah boewah, wadah kembang s. dj. Noemoetkeun model oge nampi. Ditanggel padamelan sae beres. Toer mirah. Sanes ngaboeang artos  
Mangga toeloeng oesaha bangsa.  
Oepami ka Plered oelah lali linggih ka  
**HADJI MARZOEKI.**

**TOKO PALEKAT**  
**AMING ABDULHAMID**  
**PASAR BAROE 88, BANDOENG.**

Sajagi roepi-roepi Sagoeng palekat tjap Korsji, tjap Mobil (M. M. H.) noe parantos bekend kakiatanana, ditanggel teu tjasa loentoeu sareng seueur deui roepi-roepi Palekat noe teu kasebat di dieu.  
Roepi-roepi saroeng Soetra, Samarendra, Poentianak, Rengganoe, Poleng damelan Priangan Poleng Cheribon sareng nampi pesenan Poleng damelan Cheribon, Priangan, tjorotna noemoetkeun sakoemaha kapalaj sajagi No. 1 sareng No. 2.  
Roepi-roepi barang koeningan damelan Djogja, Soerabaya, Bandjarmasin, Cheribon sareng Soemeding. Sareng nampi pesenan Ketoe-oedeng, model kasoendan sareng Fadjawen, padamelan ditanggel sae.  
Barang-barang noe kasebat di loehoer pahpoos direken mirah, keur itjaleun deui langkoeng mirah. Mangga enggal ngagaleuh (pesen) ka:  
**Toko Palekat, Tinocnan, Koperartikelen en Ketoe-oedengmakerij**  
Paoeuncu Pasar Baroe pisan No. 88.

**TOKO BOEKOE**  
**M. I. PRAWIRA - WINATA**  
**GROOTE-LENGKONGWEG 1. BANDOENG.**

Samoedja kasehatan tangtos itjal, soegringing kasedih galih tanwandelesugit tanpa lebih, ilang tanpa karana oepami enggal-enggal maos boekoe  
**WAWATJAN RANGGA - WOELOENG**  
NJA ETA SAMBOENGAN  
**WAWATJAN DJAKA - OEMBARAN.**  
Kazajan boetoena teu kinten saena, oekoeranana 23 x 16 c. M., katasna bodas sareng kandel aksarana sareng kembang-kembangna teu kinten saena kawantos tjitakan DRUKKERIJ VORKINK. Kawoewohan teu kinten kandelana, aja 126 katja 45 poepoeb, 1266 pada.  
**Pangaosna moeng f 1.50**  
**Franco di Post f 1.65 - Rembours f 2.15**  
Kingskesan eusina:  
I. Nji Poetri Laelarsi, pramoewari Radja Oembaran d'ajeroem (disaroek) koe djiu ipri, noe ngaran Nji Gandajang. II. Nji Poetri Laelarsi lara bulangsak di Aki Pangebunan, sabotna didinja andjeunna poetraan, dijenenganan Ranga-Woeloeng. III. Nji Gandajang djadi pramoewari palseo sarta boga anak, dingaranan Tjantaka. IV. Ranga-Woeloeng ngagandek ka Tjantaka, lantaran ngabelehan. V. Ranga-Woeloeng dipuruh pati koedoe meunangkeun gadjah poethi. VI. Ranga-Woeloeng dipikadeudeuh koe Radja Oembaran, sabalikna dipikajetjueub koe pramoewari palseo. VII. Babales djoedes, Nji Gandajang miuda mahwana djadi djiu ipri deui. VIII. Nji Gandajang dadagne ka Radja Laekoentar, mahar diskena koe Radja Oembaran. IX. Peras g ragot balad Laekoentar sareng balad Boeldansah. X. Oerang Laekoentar toempoer adjoer diamoek koe Ranga-Woeloeng sakantjann. XI. Ranga-Woeloeng djoemeneug radja di Boeldansah ngagentos ramana. Andjeunna hircep tjikroeh, dirtoeng-rieeng koe geloeug, digeleng-geleng koe angkeng, dihempakan koe parawan . . . . . parantos!  
**Koop en verkoop 2de handsch Boekert.**

**M. ENGA - WIDJAJA.**  
Tjimoerah - Garoet.

Sakedap deui baris medal wawatjan SAMA'OEN anoe ka kontjara, boekhek ngamoekna. Ieu wawatjan pang dipikaresep koe sepoeh sepoeh sa Pasoendan. Kanggo nonoman nja enggal ditjatak sareng dibereber basana. Lalakonna rame katjida. Fendekna oelah kawaranan, oeninga namina bae woengkoel jen Sama'oen teh gagah, manging lulakonna . . . . . doeka teuing, kandelna 325 pada.  
Oepami ngintoen artos ti ajeuna pangaosna 45 sen, ongkos ngintoen 10 sen. Oepami pesen 5 ongkos vij. I angkoeng ti sa-sih Maart pangaosna 60 sen djabi ongkos. Enggal pesen bilih sepeun; adreana tingalian, toeh di loehoer.

**ENGGAL PESEN**  
**Adres „Toko Soenda“ Proewita Trisna**  
**HALTE PARIGIE VIA BANDJAR S. S. W./L.**

Nampi deui roepi-roepi dias boedjan tiasa karek Waterproof:  
Model Prins Van Oranje poelas boeloe monjet nganggo ban a f 35,-  
„ Prins op Wals warna sawo mateng zonder ban a f 30,-  
„ Prinses Juliana roepi-roepi kleur kanggo istri a f 15,- t/m f 17,50  
Bisa karek waterproof kanggo pameget poelas roepi-roepi pangaosna f 17,- f 15,50 f 20,- t/m f 22,50.  
Roepi-roepi rantal perak bakar diadoe manis soeana, kantjing giwang kokot Perak, kantjing perak bakar marodel toer soeroep keur anggoewun oerang pasoeandan.  
Bagian sindjang kebat, kekemben miwah oedeng batik aloesan, kalocoran Solo, Djokja, Banjoemas, disajagikeun satjekapna panganggo keur oerang Priangan wetan

**TAN HOEN AUW**

Toekang pasang gigi sareng panon palseo ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.  
Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.  
Tina katoeangan-katoeangan anoe rarans sok sering ngadantenkeun roa oelam salajengna kasawat waos anoe seah pisan dilandonganana. Meu teu tiasa deui njariokeun sakoemaha katuracuanana anoe kusawat waos, aroemawi kedah didjagi ti samemehna.  
Ajeuna sim koering; njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui njajagi soedados salamina waos sebat berseka, tiasa di-djagi koe landong sim koering.  
Kara latri dioeroesna koe njonja. Mangga saroeumping.  
Hormat noe ngantos-ngantos  
**TAN HOEN AUW**  
Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

Nampi pesenan roepi-roepi Costuum sareng roepi-roepi Pet Kadinesan anggoeun Prijaji B. B.

**PAMANDANGAN**  
**DAGEN - DJOKJAKARTA.**

Sareng roepi-roepi Pet bodas beureum anggoeun Prijaji S. S. sareng ngitjal Pasmen anggoeun Solempang Loerah - Loerah (Koewoe)

Dasi noe di damel tina batik teu kinten saena sadja a pesenan dikintoen Remb

**Mangga ngalanggan Adverentie di Sip. moerah hasil maksloed**